



# PWOTEJE KONT ELEKTRIK OU

Evite pran nan pyèj epi aprann kijan pou w chwazi enèji ki bon pou!

Èske janm gen yon moun ki frape pòt ou, voye imèl ba ou oswa rele w nan telefòn pou eseye vann ou elektrisite? Demachè sa yo travay pou konpayi yo rele “founisè elektrisite konpetitif.” Yo vle pou ou pran yon abònman elektrik sou kontra pou konpayi yo reprezante a ba ou elektrisite.

## ENFÒMASYON KLE

- Soti 2015-2019, konsomatè Massachusetts ki resevwa sèvis nan men founisè elektrisite konpetitif yo peye \$340 milyon dola anplis pou elektrisite yo.
- Sou yon ane, an mwayèn, fwaye ki resevwa sèvis nan men founisè elektrisite konpetitif yo peye \$226 dola anplis pou elektrisite yo.
- Depi 2015, gen plizyè milye plent ofisyèl moun pote kont founisè konpetitif yo.

## PWOTEJE TÈT OU KONT “CHALATAN” KAP FÈ MAGOUY

Pafwa gen demachè ak magwouyè ki pran pòz yap travay pou konpayi sèvis piblik ou a alòske yo p ap travay pou yo vre.

- Pa aksepte okenn kontra elektrisite nan men okenn moun kap pran pòz ke y ap travay pou, Eversource oswa ak Eversource. Eversource p ap janm kontakte w pou l diskite sou chwa pou sèvis elektrisite avèk ou.
- Rele Eversource pou verifye nenpòt demann oswa nenpòt sa yo vin ofri w. Pa rele nimewo yon moun ou pa rekonèt ba ou.

## PWOTEJE TÈT OU KONT “TRANSFÈ RAKÈT”

Transfè rakèt se lè yo chanje kont elektrisite w pou yo ba w yon nouvo founisè san konsantman w.

- Pa janm bay okenn moun enfòmasyon pèsonèl oswa enfòmasyon finansye w san w pa wè kat idantifikasyon anplwaye li, epi verifye kalifikasyon li.
- Sèl lè pou w bay enfòmasyon sou kont ou se lè w fin dakò pou siyen yon kontra, men pa anvan.

## POZE KESYON KLE SOU KONTRA ELEKTRISITE A

- Konbyen tan kontra a ap dire?
- Ofiramezi tan ap pase, kijan y ap chanje tarif elektrisite a?
- Èske kontra a ap renouvle otomatikman lè kontra a fini?
- Èske w gen frè pou peye si w anile li anvan lè a rive?

## SONJE

- Mande pou yo ba w kontra a nan lang ou pale a, epi pran san w pou w byen konprann tout tèm ak tout kondisyon ki nan kontra a.
- Laplipa rezidan ki siyen kontra elektrik ak founisè elektrik yo pèdi lajan lè yo fè sa.
- Lè w fin siyen yon kontra, ou gen 3 jou pou w anile kontra a san w pa gen pou w peye okenn frè oswa okenn penalite.

Pou plis enfòmasyon, vizite: [boston.gov/electric-bill](https://www.boston.gov/electric-bill)